



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Tombloke Pak Bolet

(Keranjang Pak Bolet)

Penulis: Purnasari Kartika Rina Jelita
Ilustrator: Hariati Nur Khasanah



B2



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Tombloke Pak Bolet

(Keranjang Pak Bolet)

Penulis : Purnasari Kartika Rina Jelita
Ilustrator : Hariati Nur Khasanah
Penerjemah: Purnasari Kartika Rina Jelita

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Tombloke Pak Bolet Keranjang Pak Bolet

Penulis : Purnasari Kartika Rina Jelita
Ilustrator : Hariati Nur Khasanah
Penerjemah : Purnasari Kartika Rina Jelita
Penyunting : Mulyanto
Penata Letak : Irvan Sinaga

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-502-6 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34, Arial, Calibri.
ii, 20 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Ing dina Minggu bocah sekolah padha prei. Baskara lan kanca-kancane kangsen dolanan dhelik-dhelikan. Jam sanga esuk bocah-bocah wus padha kumpul. Nanging ana bocah siji sing isih padha ditunggu.

“Kok Trima urung teka?” pitakone Baskara.

“Sing sabar, Bas!” wangsulane Jaka ngayem-ayemi.

“Lha iya ta, omahe Trima adoh dhewe,” ucape Bawa.

Pada hari Minggu anak sekolah libur. Baskara dan teman-temannya bersepakat untuk bermain petak umpet. Anak-anak sudah berkumpul pukul sembilan pagi. Akan tetapi, masih ada satu anak yang masih dinanti.

“Trima belum datang ya?” Tanya Baskara.

“Sabar Bas!” hibur Jaka.

“Iya Bas, rumah Trima paling jauh,” ucap Bawa.



Sinambi nunggoni Trima, bocah-bocah ngeyub ing ngisor wit. Nalika guneman bocah-bocah krungu swara. Kring...kring...kring!
Trima numpak pit onthel tumuju kanca-kancane.
“Wis pepak, ayo diwiwiti!” ajake Baskara.
“Ayo!” wangsulane kanca-kancane.

Sambil menunggu Trima, anak-anak berteduh di bawah pohon. Ketika bercakap-cakap, anak-anak mendengar suara. Kring...kring...kring! Trima mengayuh sepeda ontel menuju teman-temannya.
“Sudah lengkap, ayo kita mulai!” ajak Baskara.
“Ayo!” jawab teman-temannya.



Bocah papat mau miwiti dhelik-dhelikan.
“Ji...ro...jen! Dhuh... kalah aku!” ucape Bawa.
Bawa miwiti jaga, kanca-kancane padha ndhelik. Baskara,
Jaka, lan Trima mlayu tumuju papan kanggo ndhelik.

Keempat anak memulai petak umpet.
“Ji.... ro... jen! Yah ... aku kalah.” ujar Bawa.
Bawa bertugas jaga, sedangkan teman-temannya
bersembunyi. Baskara, Jaka, dan Trima berlari menuju tempat
persembunyian.



Baskara ndhelik ana ing grumbul. Baskara kumureb kareben ora ketara. Nanging sikile katon cetha saka adoh. Baskara ketemu.

“Lha... Baskara kena!” bengoke Bawa

Baskara bersembunyi di semak-semak. Baskara tengkurap agar tidak terlihat. Namun, kakinya terlihat dari kejauhan. Baskara ditemukan.

“Ya... Baskara ditemukan!” teriak Bawa.



Jaka mlayu tumuju wit jati gedhe.
“Wah aku tak ndhelik kana wae,” ucape Jaka.
Jaka nubras-nubras pasuketan, sandhale kecanthol. Jaka
jlungup ing pasuketan. Dhengkul lan sikute Jaka tatu.
“Iyuh!” bengoke Jaka nangis ngguguk.

Jaka berlari menuju pohon jati yang besar.
“Wah aku bersembunyi di sana saja,” ujar Jaka.
Jaka tergesa-gesa melewati rerumputan, sandalnya
tersangkut. Jaka terjerembap di tengah rerumputan. Lutut
dan siku tangan Jaka terluka.
“Aduh!” tangis Jaka.



Bawa lan Baskara banjur mlayu marani Jaka.

“Ana apa, Jak?” pitakone Baskara.

“Iki dhengkul karo sikutku tatu,” wangsulane Jaka.

“Sik, tak pethilke godhong yodium kanggo tamba,”
ucape Bawa.

Baskara lan Bawa padha nambani tatune Jaka.

Bawa dan Baskara berlari menghampiri Jaka.

“Ada apa, Jak?” Tanya Baskara.

“Lutut dan siku tanganku luka,” jawab Jaka.

“Tunggu, aku petikkan daun yodium untuk mengobati,”
ujar Bawa.

Baskara dan Bawa mengobati luka Jaka.



Trima ndhelik ing cedhake gubug. Trima nggolek panggonan kang primpen.

“Wah... tak ndhelik njero tomblok wae iki!” batine Trima. Trima banjur lumebu ana ing tomblok.

Trima bersembunyi di dekat gubug. Trima mencari tempat yang aman.

“Wah... aku sembunyi di dalam keranjang saja!” ujar Trima dalam hati.

Trima masuk ke dalam keranjang.



Ora wetara suwe, Trima krungu swara.
Srek...srek...srek! Swara wong mlaku tumuju tomblok.
“Mesthi Bawa kuwi!” batine Trima.
Nalika Trima madhep mandhuwur, dheweke kaget. Trima weruh wong ngathungake arit.

Tidak berselang lama, Trima mendengar suara. Srek...
srek... srek! Suara langkah kaki mendekat.
“Pasti itu Bawa!” ujar Trima dalam hati.
Ketika Trima melihat ke atas, ia kaget. Trima melihat
seseorang mengacungkan sabit.



Dumadakan Trima ngadeg lan mbengok.

“Ampun Pak!” bengoke Trima

Tombloke banjur nggoling lan ngglimpang. Trima sing ngadeg ana ing tomblok melu ngglimpang. Tomblok kuwi mau banjur bedhah.

Tiba-tiba Trima berdiri dan berteriak.

“Jangan Pak!” teriak Trima.

Keranjang tempat berdirinya Trima terguling. Trima yang berdiri di dalam keranjang ikut terguling dan terjatuh. Keranjang itu rusak.



Tiyang kang ngasta arit asmane Pak Bolet. Pak Bolet watake teguh lan wicaksana. Mulane Trima keweden. Pak Bolet tumuju gubug amarga wayahe golek pakan. Tomblok kuwi mau biyasane kanggo wadhah suket.

Orang yang membawa sabit bernama Pak Bolet. Pak Bolet berwatak teguh pendirian dan bijaksana. Hal itu yang membuat Trima ketakutan. Pak Bolet pergi ke gubuk untuk mencarikan rumput ternaknya. Biasanya keranjang itu digunakan untuk membawa rumput.



Trima banjur ngadeg. Kringete tumetes. Awake gemeter keweden. Dheweke matur marang Pak Bolet.

“Nyu... nyu... nyuwun pangapunten, Pak! Kula sampun damel tumbloke risak” ature Trima.

Trima berdiri. Keringatnya menetes. Badannya gemetar karena ketakutan. Dia berkata kepada Pak Bolet.

“Mohon... maaf, Pak! Saya sudah merusak keranjang milik Bapak,” kata Trima.



Pak Bolet uga njumbul marga kaget. Pak Bolet banjur paring pitakon marang Trima

“Kowe kok ndhekem ana ing tomblok, Le?”

“Kula dhelik-dhelikan bareng kanca-kanca, Pak,” Trima caos wangsulan. Trima crita kabeh marang Pak Bolet.

Pak Bolet terperanjat. Pak Bolet bertanya kepada Trima.

“Mengapa kamu mendekam di dalam keranjang, Nak?”

“Saya bermain petak umpet bersama teman-teman, Pak,” jawab Trima. Trima menceritakan semua peristiwa itu kepada Pak Bolet.



“Tomblok sing bedhah yo wis. Saiki kancamu dijak mrene kabeh! Ayo mbantu Bapak ngenam tomblok anyar!”

Trima banjur marani kanca-kancane. Jaka, Baskara, lan Bawa padha diajak ngenam tomblok. Bocah-bocah padha mara ing gubug.

“Tidak apa-apa keranjangnya rusak. Ajak teman-temanmu ke sini! Ayo bantu Bapak membuat keranjang baru!”

Trima menghampiri teman-temannya. Jaka, Baskara, dan Bawa diajak untuk menganyam keranjang. Anak-anak datang ke gubuk.



Pak Bolet ngajak ngenam tumblok bebarengan. Pak Bolet nggorok wit pring. Bocah-bocah padha nyigari lan ngirat. Sawise kuwi pring padha dienam. Enaman tumblok rengked-rengked. Wetara rong jam, tumblok wis dadi.

Pak Bolet mengajak anak-anak menganyam keranjang. Pak Bolet menebang pohon bambu. Anak-anak membelah dan membersihkan bambu. Setelah itu, mereka menganyam bilah bambu. Anyaman bambu dibuat rapat. Keranjang jadi setelah dua jam.



Pak Bolet uga njelasake mupangate tumblok. Biyasane tumblok, salang, lan pikulan kanggo mikul barang. Kayata mikul kasiling tetanen, rabuk, lan pasir. Tomblok uga kena kanggo wadhah pakan lan bahan bangunan. Tomblok kena kanggo wadhah piranti. Kayata gaman tetanen, piranti mangsak, lan piranti liyane.

Pak Bolet menjelaskan manfaat keranjang. Keranjang, tali, dan pikulan digunakan untuk memikul benda. Misalnya untuk memikul hasil pertanian, pupuk, dan pasir. Keranjang juga bisa digunakan untuk tempat pakan ternak dan bahan bangunan. Keranjang digunakan sebagai tempat menyimpan peralatan, seperti peralatan bertani, peralatan memasak, dan sebagainya.



Bocah-bocah katon seneng banget. Padha entuk wewarah ngenam tomblok.

“Matur nuwun, Pak, sampun paring wewarah. Kula lan kanca-kanca saged ngenam tomblok,” ature Trima.

”Iya Le, padha-padha. Saiki Bapak dadi duwe tomblok anyar,” wangsulane Pak Bolet.

Anak-anak sangat senang. Mereka dapat belajar membuat keranjang.

“Terima kasih Pak, untuk ilmu yang diberikan. Saya dan teman-teman bisa membuat keranjang,” kata Trima.

“Iya Nak, sama-sama. Berkat kalian saya punya keranjang baru,” jawab Pak Bolet.



Adan luhur ngumandhang. Wayahe bocah-bocah mulih.
Baskara, Jaka, Bawa, lan Trima pamit.

“Nyuwun pamit, Pak,” ature bocah-bocah.

“Iya... Le, ngati-ati.” wangsulane Pak Bolet. Bocah-bocah banjur mulih kanthi ati bungah.

Azan zuhur berkumandang. Saatnya anak-anak untuk pulang. Baskara, Jaka, Bawa, dan Trima berpamitan.

“Kami pamit, Pak,” kata anak-anak.

“Iya... Nak, hati-hati di jalan,” jawab Pak Bolet. Anak-anak pulang dengan hati yang gembira.



Biodata

Penulis



Purnasari Kartika Rina Jelita, lahir di Gunungkidul, 31 Agustus tahun 1997. Berdomisili di Gunungkidul dengan alamat rumah Wiladeg, Karangmojo, Gunungkidul. Saat ini bekerja sebagai guru di SD Negeri Ngawis, mengampu guru kelas bawah.

Ilustrator



Hariati adalah ilustrator yang tinggal di Yogyakarta, Indonesia. Sejak kecil dia suka menggambar. Dia mulai menekuni ilustrasi buku anak tahun 2022. Dia selalu berproses dalam bidang ini. Karyanya banyak dipengaruhi oleh karakter anak lucu, fabel, pesona bawah laut dan kisah fantasi. Untuk kerjasama hubungi di hariatinurkhasanah@gmail.com dan ikuti di instagram [@hariati_art](https://www.instagram.com/hariati_art) untuk melihat karya terbarunya.


Penyunting



Mulyanto merupakan pengelola Jurnal Kebahasaan dan Kesastraan Widyaparwa sejak tahun 2016 hingga saat ini. Tugas-tugasnya dalam pengelolaan majalah ilmiah yakni sebagai editor (editor bagian, penyunting, penata letak, dan penyelarasan akhir), sempat juga membuat beberapa karya tulis. Sejak tahun 2007 ia juga menjadi penyuluh bahasa di wilayah tempat kerjanya. Saat ini ia memiliki tugas utama sebagai pengelola Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta dengan melakukan sosialisasi, pendampingan, pengawasan, dan penilaian tes. Bagi sahabat yang ingin berkomunikasi secara personal dapat menghubungi posel mulyanto.ms@gmail.com. Bagi sahabat yang ingin mengikuti tes UKBI dapat membuka laman ukbi.kemdikbud.go.id.



**Gerakan
Literasi
Nasional**



MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Siapa sangka bermain petak umpet justru mendapatkan pengetahuan? Baskara, Jaka, Bawa, Trima sedang bermain petak umpet. Satu persatu teman-teman Baskara ditemukan. Trima justru bersembunyi di tumblok milik Pak Bolet. Tak sengaja Trima merusaknya. Bagaimana nasib Trima saat menghadapi Pak Bolet? Apakah Trima dan teman-temannya harus mengganti tumblok yang rusak?

ISBN 978-623-112-502-6 (PDF)



9 786231 125026



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023